

(1) Kunogona here kuva nerugare nehuipi mumwoyo panguva imwe chete?

Isaya 48:22

Panomutswa pfungwa dzako neMweya Mutsvene, unotanga kuona huipi hunounzwa nechitema. Paunoona simba rehuipi, kuremerwa mupfungwa nemarwadzo ahunounza, ruvengo kuhuipi hunotanga kukura mauri. Uchaona kuti chitema mumwoyo mako chakapakuparadzanisa naMwari uye rugare rwaanoda kukupa. Uchaona kuti uri muranda kusimba rechitema uye paunonyanya kuyedza kuti udimbure simba racho ubve kwachiri ndipo paunoona kuti zvavakutonyanya kukuomera kuti usununguke. Zvikonzero zvako hazvina kuchena uye mwoyo wako une tsvina. Unoshuva kuregererwa, kuchenurwa uye kusunungurwa. Uri kuzvibunza, “Ndinggaite sei kuti ndive pedyo naMwari uye kuti ndifanane naye? Ndinggaite sei kuti ndiwane zvinhu zvese izvi?” Chiri kutsvagwa nemwoyo wako rugare (kugadzikana/runyararo).

(2) Ndiani anopihwa rugare nekuregerera?

Isaya 55:1

Rugare ndirwo rwauri kutsvaga -kuregerera kweDenga nerudo mumwoyo mako. Mari haigoni kuzvitenga, uchenjeri hwenyika kana njere hazvigoni kukupa izvozvi, uye kushingaira kwako hakumbofi kwakakubatsira kuzviwana. Asi Mwari anongokupa sechipo “pasina mari kana mutengo.” Ndezhako kana ukatambanudza maoko ako kuti uzvigamuchire.

(3) Ivimbiso iyo yatakapihwa naMwari yatinogona kubatisa mukutsvaga kwedu rugare?

Ezekieri 36:26

Wabvuma zvitema zvako, uye mumwoyo mako wazvisiya. Wasarudza kuzvipira kuna Mwari. Chienda kwaari umukumbire kuti akusuke zvivi zvako nekukupa mwoyo mutsva. Zvino chitenda kuti Azviita nokuti Akazvivimbisa. Chidzidzo chakadzidziswa naJesu ari pane rino pasi ndecheke kuti tinofanira kutenda kuti tinogamuchira chipo chakavimbisa naMwari, kana tatenda chatove chedu.

(4) Seiko zviratidzo nezvishamiso zvaKristu zvakanyorwa mumagwaro?

Johane 20:31

Jesu akarapa vanhu kubva muzvirwere kana vaiva nekutenda musimba rake. Akavabatsira pazvinhu zvavaiona, izvi zvakavabatsira kuti vabvume nekutenda maAri pamusoro pezvinhu zvavakanga vasingaoni. Akavatungamirira kuti vabvume musimba raKe rekuregerera zvivi.

(5) Rutivi rwedu nderwei mukugamuchira kuregererwa kwezvivi?

Mateo 9:6



Kubva muchinyorwa ichi chekuti Jesu akarapa sei murwere, tinogona kudzidza chimwe chinhu pamusoro pekuti tingatenda sei maAri kuti tiregererwe zvitema zvedu. Funga pamusoro pemurume akanga akaoma mutezo paBetedsa. Murume uyu airwadziwa uye asingagoni kuzvibatsira. Akanga asina kushandisa maoko ake kana makumbo kwemakore makumi matatu namasere. Asi Jesu akamuudza kuti “Simuka, tora nhovo dzako ufambe.” Mukupindura, murume uyu aigona kunge akati, “Ishe kana muchigona kundinatsa ndive zvandinofanira kuva, ndichaterera izwi renyu.” Asi kwete haana kutaura izvi. Akatenda shoko raJesu. Akatenda kuti akanga atoporeswa akasimuka pakarepo. Akasarudza kufamba, akatofamba. Paakaterera shoko raKristu akaita zvaraireva, Mwari akamupa simba akarapwa. Marko 11:24.

(6) Pane anogona here nekushingaira kwake kuunza hutsvene kumwoyo wake?

Jeremia 13:23; 17:9

Tiri vatadzi vasingagoni kugadzirisa kutadza kwedu kwatakaita. Hatigoni kushandura mwoyo yedu nekuviita vatsvene. Asi Mwari anovimbisa kutiitira zvose izvi kubrikidza naJesu. Tinofanira kutenda vimbiso dzake, kubvuma zvivi zvedu, uye kuzvipa kuna Mwari. Tasarudza kumuteera uye sezvatinoita izvi nemazvo, Mwari anottiitira izvo chaizvo zvaakativimbisa mushoko raKe. Kana tikatenda kutivimbisa kwaKe kuti taregererwa uye tacheneswa, Mwari anozviita. Tinorapwa kufanana nemurume akanga akaoma mutezo akapihwa naKristu simba rekufamba atenda kuti aporeswa. Zvinoitwa kana tikazvitenda. Usamire kunzwa kuti waregererwa, asi iti, “Ndinozvitenda, uye ndizvo zvazviri, kwete nekuti ndozvandiri kunzwa, asi nokuti Mwari akazvivimbisa.”

(7) Kana tichitsvaka kuregererwa chii chinotipa kugutsikana kuti tatokugashira?

Mateo 7:11

Pane zvinotarisirwa kwatiri pavimbiso iyi, izvi ndezvekuti tinamate zvinoenderana nekuda kwaMwari. Tinoziva kuti kuda kwaMwari kutinatsa kubva muchitema, kutiita vana vaKe uye kutipa simba rekurarama hupenyu

hutsvene (hunoyer). Saka tinogona kukumbira zvikomborero izvi, kutenda kuti tinozvigamuchira uye kutenda Mwari kuti tatozvigamuchira. Mukana watinawo wekuenda kuna Jesu kuti ticheneswe, uye kuti timire pamberi pemurairo tisinganyari kana kusuwa. “Naizvozvo hakuchina kipiwa mhosva kuna vari munaKristu Jesu vasingafambi panyama, asi paMweya” VaRoma 8:1.

(8) Tingachengeteda sei ukama hwedu naMwari?

Vakorose 2:6

Kubva panguva ino zvichienderera mberi hauchisiri wako; wakatengwa nemutengo. “Hamuna kudzinkinurwa nezvinovora, nesirveri kana ndarama, …asi neropa raKristu, seregwaiana risina charingapomerwa, risinoruvara.” 1 Petro 1:18, 19. Mukutora danho iri ririnyore mukudaira kuna Mwari, Mweya Mutsvene akupa penyu hutsva mumwoyo mako. Watoberekera mumhuri yaMwari, uye Mwari avakukuda sokuda kwaanoita Mwanakomana waKe. Iye zvino zvawazvipa kuna Jesu, usadzokera mumashure, usazvibvisa kwaAri, asi zuva nezuba taura uchiti, “Ndiri waKristu ndakazvipa kwaAri” kumbira kuti akupe Mweya waKe uye akuchengete nenyasha dzaKe. Wazvipa kuna Mwari kubrikidza nekutenda kwaAri uye nekuva mwana waKe. Ramba uchirarama maAri nenzia imwecheteyo.

(9) Ko Kristu anopei kune avo vanouya kwaAri?

Mateo 11:28

Kune vazhinji vanogara vachiedza uye vanofunga kuti vanofanira kutanga vagutsa Jesu kuti vakashanduka kuti vagokodzera kugamuchira chikomborero chake. Asi zviripo ndezvekuti tinekodzero yekugamuchira zvikomborero zvaMwari kunyange iye zvino. Tinofanira kuva neMweya uye nyasha dzaKristu kuti dzisimbise kushaya simba kwedu, zvisizvo hatingagoni kukunda chitema. Jesu anofarira kuti tiuye kwaAri sezvatiri, vatadzi, vasingagoni kuzvibatsira, uye varikumutsvaga. Tinogona kuuya muutera hwedu, muupenzi hwedu, mukutadza kwedu, uye toputsikira patsoka dzake tiine urombo pamusoro pezvivi zvedu. Zvinomufadza (imbiri yaKe) kutimbundikira mumaoko aKe orudo, kurapa maronda edu uye kutichenura kubva muzvakaipa zvose.

(10) Mwari anopa kusimbisa kwakadii kumutadzi wese anenge atendeuka?

Isaya 44:22

Ipapa ndipo panotadzirira zviuru nezviuru zvevanhu nokuti havatendi kuti Jesu anovaregerera ivo pachavo munhu ega ega. Havagamuchiri zvinotaurwa naMwari mushoko raKe (havafungi kuti anorevesa). Ikodzero yavose vanoteedzera zvinodikanwa kuti vazine pachavo kuti kuregerera kunopihwa pachena pamusoro pechitema chega chega. Dzinga pfungwa ye kuti zvakavimbisa naMwari ndezvevamwe vanhu kwete iwe. Ndezvemutadzi wese anonzwa urombo pamusoro pezvaakaita. Simba nenyasha zvakapiwa kubrikidza naKristu uye zvinounzwa nengirozi dzinoshandira munhu ega ega anotenda. Hapano anezvitadzo zvakanyanya zvakadaro zvekuti haangawani simba, kuchena uye kurarama munaJesu, Uyo Akatifira. Akatomirira kutibvisa mbatya dzedu dzakasvibisa uye dzine madonhwe echitema, kuti ati pfekedzehanzu (hembe) chena yekurarama kwaKe. Arikutikokera kuti tirarame kwete kife.

(11) Sei Mwari akatumira Mwanakomana wake munyika?

Johane 3:17

Mwari haatibati semabatiro anoita vanhu venyika vanenge vatadzirana. Pfungwa dzaKe ndedze tsitsi nerudo uye nehanya yakakura kwazvo. Anoti iye, "Wakaipa ngaasiye nzira yake nemunhu usakarurama mirangariro yake, ngaadzokere kuna Jehova iye uchamunzwira nyasha, nokuna Mwari wedu, nokuti uchakanganwira zvikuru." Isaya 55:7. "Nokuti handifariri rufu rweunofa - ndizvo zvinotaura Ishe Jehova; naizvozvo tendevukai, murarame." Ezekieri 18:32. Satami akagadzirira kutibira zvikomborero zvakavimbisa naMwari. Anongoda kubvuta chiyedza chetariro nekakupenya kubva mumwoyo yedu asi haufaniri kumubvumidza kuita izvozvo. Usaterera kumuedzi, asi taura uchiti, "Jesu akandifira kuti ndirarame. Anondida uye haadi kuti ndirasike."

(12) Baba vedu vekudenga vanotibata sei kana tadzokera kwavari?

Ruka 15:20

Isu, sevakangoita mwanakomana akarasika, tinogona kutaura tichiti, "Ndina Baba vane tsitsi vari kumusoro kudenga. Kunyange ndakapambadza rudo rwavo, kunyange ndakapambadza zvikomborero zvakandipara, ndichasimuka ndiende kuna baba vangu, ndoti, "ndatadzira kudenga, nepamberi penyu, handichafaniri kunzi mwanakomana wenyu; mundiite semumwe wevaranda venyu." Nyaya iyi inotitsanangurira magamuchirirwo anoitwa anga arasika. Kunyange nyaya iyi inobata mwoyo zvakadaro, haigoni kunyatsoratidza zvizere udzamu hwekunzwira kwaBaba vedu vari kudenga. Ishe vakatitauria kuburikidza nemuporofita waKe, "Ndakakuda norudo rusingaperi, naizvozvo ndakakukweva novunyoro." Jeremia 31: 3. Apo mutadzi anenge achiri kure neimba yeBaba, achipambadza kunyika iri kure mwoyo waBaba unenge uchingorwadziwa nekungomufunga. Kuda kwese kunouya muhupenyu hwedu kwekuda kudzokera kuna Mwari kuteterera kweunyoro hweMweya waMwari uyo unopfimba, nokugomedzera, nokukwevera mutandadziki (murasiki) kumwoyo waBaba werudo.

(13) Ishe anogona here kuramba kugamuchira munhu anenge ane mwoyo wakaperera?

Johane 6:37

Uine vimbiso dzakapfuma dzeBhaibheri pamberi pako, ungakahadzika here pamusoro perudo rwaBaba? Ungavuma here kuti kana mutadzi achidisa kudzoka, achishuva kuregedza zvivi, muutsinye Ishe angamurambidza here kuuya kwaAri patsoka dzake kana mutadzi uyu achinzwa urombo pamusoro pezvitema zvake? Kure (rasa), nepfungwa dzakadaro! Hapana zvinganyanye kukukuvadza kupfuura kufunga zvakadaro pamusoro paBaba vako vari kudenga. Vanovenga chitema, asi vanoda mutadzi, uye vakazvipira kuti kuburikidza naJesu iwe usarudze kuponeswa uye uve nezvikomborero zvisingaperi muhumambo hwaKe hwembiri. 2 Petro 3:9. Pane imwe nzira here yakasimba kana ine unyoro kupfuura iyi yaangadai akaratidza rudo rwaKe kwauri? Kana waanekutya nekukahadzika, tarisa kuna Jesu uyo anoramira kukubatsira. Tenda Mwari nechipo cheMwanakomana waKe unamate kuti haana kukufira pasina. Mweya Mutsvene ari kukudaidza nhasi. Uya nemwoyo wako wese kuna Jesu ugamuchire chikomborero ichi chive chako. Paunoverenga zvakavimbisa naMwari, rangarira kuti inzira iyo Mwari

yaanotitaurira nayo pamusoro perudo rwaKe nekunzwira kwaKe kusingagoni kutsanangurwa. Mwoyo waKe une rudo rusina magumo unokweverwa kumutadzi nenyasha dzisina magumo. "Uyo watinedzikanuro maAri neropa raKe, iko kukanganwira kwekudarika kwedu" VaEfeso 1:7. Hongu bvuma kuti Mwari aripo kukubatsira. Anoda kudzoreredza chimiro chaKe chakaperera mauri. Paunoswedera kwaAri uchibvuma uye kunzwa urombo pamusoro pezvivi zvako, Iyewo anoswedera pedyo newe netsitsi nekukuregerera.

(14) Baba vedu vekudenga vangatikanganwa kana kutisiya here?

Isaya 49:15

VaHeberu 13:5

Pandinotora nguva yakareba ndiina Jesu ndipo pandinotanga kuona kuti zvivi zvangu zvakandiparadzanisa naMwari. Mwari arikundipa ruvengo kuchitema apo ndinoona zvakaipa zvachiri kukonzerza.

Tenderedza: Hongu Kwete Handisati ndasarudza

Shoko raMwari ririkundidzidzisa kuti kana ndichida rugare (kugadzikana mumwoyo) ndinofanira kutsvaka Mwari nemwoyo wangu wose. Ndinoona kuti ndinoda kuchenurwa kubva kuzvivi zvinondiparadzanisa naYe.

Tenderedza: Hongu Kwete Handisati ndasarudza

Ndinoziva kuti handigoni kushandura mwoyo wangu kana kubvisa zvivi muupenyu hwangu. Ndavakuona kuti kushingaira kwese kwandingaita kwakafanana nemarengeya ane tsvina. Ndinozvireurura zvivi zvangu nokukumbira simba raKe kuti rindishandure.

Tenderedza: Hongu Kwete Handisati ndasarudza

Ndinotenda kuti Mwari akatendeka uye akavimbika mukuzadzisa zvese zyaakavimbisa. Ndinotenda nokugamuchira kuvimbisa kwaKe kwekuti akaregerera zvitema zvangu.

Tenderedza: Hongu Kwete Handisati ndasarudza

Mwoyo wangu wakazara nekugadzikana kubva zvandakatambanudza ruwoko rwangu kwaAri mukutenda nekugamuchira kuregererwa. Ndinomutenda nekugadzikana uku uye chidiso changu kurambira maAri kuti runyararo urwu rurambe rurimo mumwoyo mangu.

Tenderedza: Hongu Kwete Handisati ndasarudza


(C) Merlin Beerman - www.revelationpublications.com

Illustrations (C) Goodsalt - www.goodsalt.com

These materials may be photocopied and shared but not altered or sold.

Printed in USA by Light Bearer's Ministry - www.lbm.org

Matsiko Kuna Kristu



Kutenda Nekubvuma